

Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DETAY ADISYONÈL POU KONPETISYON POU
EKSPLORE KONSEPSYON ATÈNATIV POU SKYWAY BUFFALO A**

Konpetisyon an Pral Solisite Lide pou Altènativ pou Skyway ki Maksimize Aksè a Rivaj lan pou Abitan yo epi Bay Transpò ki Sekirize epi Konvnab pou Chofè yo

Konpetisyon an Pral Dire Sis Mwa, Yon Panèl Ekspè Pral Revize Pwopozisyon yo, Eta a Pral Ofri Prim 100,000 Dola bay Konsepsyon Ki Gayan an, Odyans Piblik yo Pral Kenbe An Kont Enfòmasyon Kominote a Bay yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a detay adisyonèl pou yon konpetisyon pou eksplore altènativ pou Skyway Buffalo a. Konsepsyon aktyèl Skyway la akayik sou plan fonksyonèl, li defisyan sou plan estriktirèl epi li pa popilè pou vwayajè yo. Aktyèlman, sèl opsyon ki genyen se pou rekonstwi Skyway gen 60 ane a, yon estrikti ke yo pa t'ap janm bati nan tan aktyèl yo. Konpetisyon an pral eksplore altènativ pou Skyway lan ki pral maksimize aksè a rivaj lan pou abitan yo pandan li ap bay transpò ki sekirize epi konvnab pou chofè yo.

Gouvènè a te anonse ke bidjè ane sa a pral gen ladan yon konpetisyon pou konsepsyon nasyonal pou ka solisite pi bon lide pou yon altènativ pou Skyway lan. Eta a pral solisite lide antrepriz konsepsyon, planifikatè kominote yo, planifikatè iben yo, achitèk yo ansanm ak lòt antite yo. Konpetisyon an pral dire sis mwa, epi yon panèl ekspè pral revize pwopozisyon yo epi chwazi yon konsepsyon ki gayan. Faktè ke jij yo pral konsidere yo gen pami yo depans pou konsepsyon an ak dire tan pou reyalizasyon li. An plis de rekonesans sou plan lokal, eta ak nasyonal, pwopozisyon ki gayan an pral resevwa yon prim 100,000 dola pou konsepsyon yo an. Pral gen yon seri odyans piblik pou ka konble enfòmasyon kominote a bay yo.

“Skyway la te konstwi pou yon epòk diferan ak yon ekonomi diferan, epi li te kreye yon blokaj pou rivaj lan. Kounye a nou bezwen fè egzakteman kontrè a epi vini ak yon konsepsyon altènativ pou skyway la”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “An nou sispann pale sou etid yo epi alye de sa fè yon konpetisyon pou solisite lide pi bon konseptè, achitèk, ak planifikatè kominoitè yo epi vini ak yon plan reyèl pou Skyway la ki kreye yon Buffalo ki konekte ak askè a rivaj lan epi sipòte ekonomi rejyon an.”

“Nouvèl imaj Buffalo a egzije yon nouvèl apwòch pwogresis pou enfrastrikti akayik nou an”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Antan ke yon moun ki wè skyway la apati fenèt lakay mwen, mwen konnen nou ka fè pi byen pase sa. Non sèlman estrikti elve sa a pa sekirize pandan kondisyon ivènal yo, li te akayik prèske depi lè ouvèti St. Lawrence Seaway lan te detounen laplipa kagezon yo lwen Buffalo.

Kominote nou an ta dwe ouvri a nouèl posibilite kreyatif pou reyèlman reyelabore rivaj nou an.”

Yo te elabore Skyway lan avèk yon deminaj 110 pye pou akomode travay endistriyèl yo sou Rivyè Buffalo a, sa ki ap fè pon an pi laj epi pi long. Jodi a, yo itilize Rivyè Buffalo a prensipalman kòm yon wout navigab rekreyatif, epi otowout elve a pa nesèsè ankò. Yon konsepsyon altènativ otowout sa a pral ouvri rivaj lan ki pa aksesib aktyèlman epi fè vanse relansman Rejyon Lwès New York.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Skyway Buffalo a se yon pyès enfrastrikti ki akayik, ki pa reponn ak estanda enjenyeri jodi a oswa nesèsite nouvo Buffalo a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Senatè Tim Kennedy pou lidèchip yo nan kòmanse yon konpetisyon ki pral envite konspeyon altènativ inovatif pou Skyway Buffalo a. Lidèchip sa a te mete sou pye aksyon sou Skyway lan ki kontinye ak gwo dinamis ke nou te akonpli pou rive ouvri aksè a rivaj nou an”.

Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate's Transportation Committee), te deklare, “Rivaj nou an se resous ki pi presye nan rejyon nou an, epi pwogrè kontinyèl nan enteryè ak eksteryè Pò a demontre investisman solid nou ap fè nan divètisman, touris, ak konsèvasyon Buffalo. Yon konpozan ki enpòtan anpil nan sa a gen ladan l enkòporasyon yon estrikti transpò ki djanm epi fezab, e se poutèt sa mwen ap travay pou mete 100,000 dola nan bidjè ane sa a pou yon konpetisyon ki konsantre sou kreyasyon konsepsyon altènativ pou Skyway la. Manm Kongrè Higgins ak mwen menm te mande depi lontan yon evalyasyon pou eliminasyon Skyway la, epi nou pa ka tann pou nou travay ak Gouvènè Cuomo ak DOT pou ankouraje epi revize pwojè altènativ yo ki pral non sèlman ranfòse eksperyans abitan yo ak vizitè yo, men tou asire yon konektivite ki se kle pou yon kwasans alontèm”.

Majistra Buffalo a Byron W. Brown te deklare, “Lide Gouvènè a genyen pou fè yon konpetisyon sou konsepsyon se yon apwòch ki kreyatif anpil pou reyalojare sa ke wout sa a ta ka ye pou amelyore aksè a transpò epi estimile devlopman ekonomik adisyonèl”.

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)